

## Yon plan leson pou liv *Papa Galia* sou andikap

Deskripsyon : Leson sa a ka sèvi pou entwodui konsèp « andikap » nan sal klas pou elèv primè ak segondè, epi li ka ede nan fè sansibilizasyon sou divès fòm andikap ki egziste. Leson sa a ap ede elèv yo konprann « andikap » la epi y ap jwenn aktivite kote yo pral fouye zo nan kalalou konsèp la.

Objektif : Nan fen leson an elèv yo pral kapab

1. Defini konsèp « andikap » la.
2. Konprann kèk karakteristik ki defini andikap fizik, entelektyel ak mantal.
3. Apresye akomodasyon ki la pou ede moun andikape
4. Kominike pi byen ak moun andikape
5. Konnen ke moun andikape gen plas yo nan sosyete a, epi respekte dwa yo kòm moun ki moun menm jan ak tout moun.

Aktivite pou anseyan : Mande elèv yo :

1. Ki sa mo « andikap » la vle di ? Ankouraje yo pou yo pataje sa yo konnen sou konsèp andikap la.
2. Bay kèk egzanp sou andikap fizik. Esplike elèv yo divès karakteristik andikap fizik ka genyen — toukou andikap moun ki avèg oswa soud oswa enfim...
3. Ki sa andikap entelektyèl ak mantal la ye? Ki maladi ki ka lakòz yon moun vin gen andikap mantal ? Ankouraje elèv yo kominike ant yo, epi esplike yo divès kalte andikap entelektyèl ak mantal. Bay kèk defi oswa pwoblèm ke yon moun ki gen andikap entelektyel ka jwenn nan lavi tou lè jou.
4. Kòman nou ka ede yon moun ki gen andikap fizik? Prezante elèv yo divès materyèl ki envante pou ede moun ki gen andikap fizik — zouti tankou linèt, beki, chèz

woulant, aparèy elektwonik pou moun ki soud. Epi esplike ki kalte edikasyon ki fèt pou ede moun andikape kominike youn ak lòt (pa egzanp, edikasyon ki sèvi ak lang siy).

5. Ki pi bon fason nou ka ede moun ki gen andikap entèlektyèl oswa andikap mantal yo ? Fè yon envantè divès kalte resous ki ka ede moun andikape sa yo — tankou terapi, medikaman, e latriye.

Aktivite pou elèv yo :

- Aprè elèv yo fin li *Papa Galia*, mande yo pou yo idantifye kèk andikap nan liv la ansanm ak karakteristik andikap sa yo — tankou karakteristik fizik oswa mantal.
- Mande elèv yo pou yo esplike rezon ki fè andikap fizik ka vin lakòz andikap mantal.
- Divize klas la an 3 gwoup : *Gwoup 1* : Andikap fizik ; *Gwoup 2* : Andikap entèlektyel ; *Gwoup 3* : Andikap mantal. Mande chak gwoup pou yo fè rechèch sou tip andikap ki entèrese yo pi plis. Mande chak gwoup pou yo ekri 2 paj sou andikap yo chwazi a. Mande yo pou yo pale de lavi yon moun andikape : plas ak dwa moun sa a nan sosyete a, rezon ki lakòz moun sa a andikape, epi sèvis ki adapte pou moun sa a (pa egzanp, sèvis nan biwo leta, bank, transpò piblik, e latriye). Sa pral sèvi kòm devwa pou yo fè lakay yo. Epi travay avèk yo sou pwojè a ann apre nan sal klas. Ede elèv yo vin gen konfyans nan tèt yo pou yo ka prezante travay la devan tout lekòl la.
- Mande elèv yo pou yo fè yon kanpay nan lekòl la pou sansibilize lot elèv yo sou pwofil ak bezwen moun andikape.
- Mete postè sou andikap nan chak klas nan lekòl la.
- Òganize yon konferans kote gwoup yo pral prezante pwojè yo devan tout elèv ak pwofesè nan lekòl la.